



**Department of  
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

11 fevriye 2020

Chè fanmi,

Chak jou, edikatè, elèv, fanmi atravè vil la travay di pou asire lekòl nou yo se anviwònman ki akeyan, ki anbrase tout moun epi ki pa gen diskriminasyon ak okenn tip entolerans. Pa gen plas pou antisemitis, rasis, ak lahèn nan lekòl leta Nouyòk yo.

Angajman sa a vini yon reyalite nan salklas nou yo, nan koulwa ak nan lakou rekreyasyon nou yo kote nou travay ansanm pou asire elèv, estaf, ak fanmi nou kapab jwenn sipò pou yo santi yo alèz. Se travay nou tout—epi chak moun gen yon wòl pou yo jwe.

Nan kad efò sa a, Depatman edikasyon Vil Nouyòk. (DOE) ap kontinye bay lekòl ak fanmi resous pou favorize sansibilizasyon ak konpreyansyon divès kominote Vil nou an, epi ki montre fòs destriksyon lahèn genyen. Pou nou onore angajman nou ak kontinye travay enpòtan sa a, nou kontan pou fè w konnen ke DOE agrandi patnèchip li avèk Museum of Jewish Heritage – A Living Memorial to the Holocaust (Yon memoryal vivan olokòs).

Apati jodia rive 30 out 2020, tout elèv lekòl leta Vil Nouyòk kapab vizite Mize a avèk jiska twa manm fanmi yo gratis.

The Museum of Jewish Heritage – A Living Memorial to the Holocaust chita nan 36 Battery Place nan Battery Park City nan Manhattan, yon ti distans ou ka mache apati divès liy tren.

Lè w rive, tanpri ale nan sèvis vizitè mize a avèk prèw ke w se yon elèv lekòl leta Vil Nouyòk kounye a (ID elèv oswa dènnye kanè yo te ba ou a), ki obligatwa. Avèk vizit ou a, y ap ba w yon gid odyo ou ka pran nan lang anglè, panyòl, fransè, ebre, mandaren, alman, polonè, oswa ris.

Plis enfòmasyon sou vizit nan mize a, tankou lè fonksyònman ak jou fèt, disponib sou sitwèb yo a (<https://mjhnyc.org/visitor-information>) (disponib ann anglè sèlman). Sonje pou li osijè tout ekspozisyon yo genyen yo pou wè kiyès ki pi bon pou fanmi w, lè w ap konsidere laj timoun ou yo.

Vil Nouyòk se pi bon vil nan mond lan, epi sistèm lekòl nou an fè plis eksepsyon nan tout peyi a avèk tout bèl divèsite nou genyen nan kominote nou an. Nou tout se Nouyòkè, epi kòm Nouyòkè, nou vle depase tolerans ak akseptans pou nou ale yon kote nou selebre ak anbrase tout moun yon fason aktif nan chak klas, nan chak lekòl.

Nou espere ou pran avantaj opòtinite enpòtan sa a.

Nan inite

Richard A. Carranza